

LATIHAN PAS GANJIL BAHASA SUNDA KELAS 9

NAMA : _____

KELAS : _____

Pilihlah Satu Jawaban yang Tepat!

1. Dina kahirupan boh teu pormal boh teu pormal, sok panggih jeung kagiatan anu disebut *biantara* (pidato). Naon anu dimaksud *biantara* téh?
- A. Nepikeun beja ka balarea
B. Nyarita di hareupeun jalma rea
C. Ngadongeng di hareupeun balarea
D. Nepikeun bewara nu penting di hareupeun jalma rea

2. Ieu cutatan *biantara* di handap!

Nu dimaksud *panata calagara* téh nya éta

- A. Protokol
B. Pupuhu
C. Kokolot
D. Panitia penyelenggara

"Sim kuring, kalayan asmana réngréngan pangurus OSIS, seja ngahaturkeun nuhun ka réngréngan *panata calagara* anu parantos tihothat, ti ngawitan ngararancang kagiatan dugi ka derna ngalaksanakeun acara dina dinten ieu. Kitu deui ka Bapa Kapala Sakola, Bapa Pangaping OSIS, ogé Bapa sareng Ibu Guru sanésna, sim kuring ngahaturkeun nuhun kana sagala rupi panuyun sareng pangaping enggoning ngalaksanakeun ieu kagiatan."

3. Tina cutatan *biantara* pamapag di luhur katitén yén nu *biantara* téh nya éta
- A. Siswa salaku pangurus OSIS
B. Kapala sakola
C. Guru salaku pangaping OSIS
D. Siswa salaku *panata calagara*

4. Perhatoskeun ieu kalimat di handap!

- 1) *Salam bubuka*
2) *Ngahaturkeun nuhun ka panata calagara*
3) *Manjatkeun puji jeung sukur ka Alloh SWT*
4) *Ngajéntrékeun tujuan jeung kacindekan biantara*

Upama ditilik tina eusi jeung adeganana, *biantara* téh diwangun ku *bubuka*, eusi jeung panutup. Mangrupa hal anu biasa ditepikeun dina bagian *bubuka biantara* téh nyaéta nomor ...

- A. 1, 2, 3
B. 1, 2, 4
C. 1, 3, 4
D. 2, 3, 4

5. *Biantara* téh nya éta nyarita di hareupeun balaréa dina situasi nu resmi. *Biantara* pikeun mapag dina hiji acara disebut *biantara* pamapag, atawa biasana disebut ...
- A. Papatah
B. Weujangan
C. Sambutan
D. Guguritan

6. Ieu cutatan *biantara* di handap!

"Dina ieu waktos urang sadaya ngempel téh nya éta bade miéling dibabarkeunana Ibu Radén Déwi Sartika. Tujuan dilaksanakeun ieu acara teu aya sanés minangka tawis panghormat sareng pangajén ka Ibu Radén Déwi Sartika anu sakitu ageung jasana, utamina dina widang atikan. Ieu acara téh baris direuah-reuah ku paméran sareng rupi-rupi pasangiri. Tangtosna ogé sadaya siswa tiasa ngiringan ilubiung saluyu sareng karep séwang-séwangan."

Cutatan *biantara* di luhur téh mangrupa bagian tina

- A. Eusi
B. *Bubuka*
C. Panutup
D. Kacindekan

7. Naon tujuan diayakeun éta acara?
 - A. Mulasara budaya sunda
 - B. Mieling dibabarkeunana Ibu Raden Dewi Sartika
 - C. Ngamumule budaya sunda
 - D. Kanggo tawis panghormat sareng pangajén kana jasa-jasa Ibu Radén Déwi Sartika
8. Upama hidep dibéré pancén ku guru pikeun nulis naskah biantara, tuluy kudu diapalkeun kecap demi kecap sarta dibiantarakeun di hareupeun kelas kalayan teu maké téks.
Téhnik/Metodeu biantara naon nu ku hidep dipaké?
 - A. Metodeu ngapalkeun
 - B. Metode Naskah
 - C. Metodeu ngadadak
 - D. Metodeu gabungan
9. Sora, lentong wirahma, nada, paroman, jeung pasang peta mangrupa hal anu kudu diperhatikeun dina waktu
 - A. Eusi biantara
 - B. Wirahma
 - C. Nepikeun biantara
 - D. Paroman atanapi pasemon
10. Baca ieu sempalan biantara!

“Dina ieu waktos, sim kuring kedah sasanggem minangka wawakil ti sakumna murid kelas IX anu badé ngantunkeun SMP Santo Yusup. Saleresna mah rada rumegog waktos dipasih anu bilih anu baris dipisanggem kirang merenah sareng teu ngawakilan gerentes haté sadaya réréncangan. Namung ku margi ieu pancén dipasrahkeun ka sim kuring, kitu deui Ibu sareng Bapa Guru ogé milih sim kuring, nya atuh teu tiasa nolak. Jalaran kitu, sateu acan ngadugikeun ieu biantara, sim kuring badé nyuhunkeun heula dihapunten, utamina pisan ka sadaya murid kelas IX, bilih baé pisanggem sim kuring téh kirang saluyu sareng harepan sadayana.”

- Tina naskah biantara anu dibaca ku hidep, nerangkeun ngeunaan naon eusina téh?
- A. Paturay tineung
 - B. Hajat Kawinan
 - C. Tujuh belasan
 - D. Karang Taruna
11. Saméméh nulis biantara alusna mah dijieun heula rangkayna, pangpangna mah bagian eusina. Naon sababna?
 - A. Sangkan pidatona narik pamirsa
 - B. Sangkan dina ngamekarkeun eusi biantara téh henteu mancawura
 - C. Gampang ka hartos
 - D. Sangkan gampang baca na
 12. Di handap ieu nyaeta conto *kalimah akrab (loma)* atawa akrab anu merenah, nya eta...
 - A. “Abdi rek indit ka Bandung isukan”
 - B. “Kuring rek indit ka Bandung isukan”
 - C. “Kuring rek mios mios ka Bandung isukan”
 - D. “Abdi rek angkat ka Bandung isukan”
 13. Di handap ieu nyaeta conto *kalimah lemes/Basa hormat* keur ka sorangan anu merenah, nya eta...
 - A. “Kuring bade ngabantun buku ti perpustakaan
 - B. “Sim kuring bade nyandak buku ti perpustakaan”
 - C. “Sim kuring bade ngabantun buku ti perpustakaan”
 - D. “kuring bade nyandak buku ti perpustakaan”
 14. Di handap ieu ieu nyaeta conto *kalimah lemes/Basa hormat* keur ka batur anu merenah, nya eta...
 - A. “Pa guru parantos wangsul ka bumina”
 - B. “Pa guru parantos mulih ka rorompokna”
 - C. “Pa guru parantos mulih ka bumina”
 - D. “Pa guru parantos balik ka bumina”

15. "Duh, Buku pancen basa Sunda abdi teh gening (**poho**) teu (**kabawa**)!"
 Basa hormat ti kata "**poho**" jeung "**kabawa**" anu merenah ti kalimat di luhur nya eta...
 A. Lali, Kacandak C. Hilap, Kacandak
 B. Hilap, Kabantun D. Lali, Kabantun

16. Perhatikeun gambar jeung bacaan di handap!

Wangun imah kampung Naga kudu imah panggung, anu dijienna tina kawi jeung awi. Hateupna wangun julang ngapak kudu tina injuk, eurih, atawa kiray. Teu meunang aya anu make kenteng. Teu meunang ditembok deuih, sanajan mampuh oge nyieun imah tembok atawa gedong. Sakabeh imah kudu nyanghareup ka kidul atawa kaler. Teu menang dicet, iwal dikapur atawa dimeni.



Informasi nu diébréhkeun tina wacana di luhur.

Wangun imah Kampung Naga umumna mangrupa suhunan...

- A. Jogo Anjing C. Badak heuay
 B. Julang ngapak D. Parahu kumereb
17. Gambar dihandap disebutna suhunan...
- A. Jalopong C. Julang Ngapak
 B. Badak Heuay D. Capit Gunting



18. Pek baca tur titenan wacana iyeu di handap!

MONYÉT NGAGUGULUNG KALAPA

Ku Dudum Sonjaya

Monyét ngagugulung kalapa. Ti jaman kuda ngégél beusi tug nepi ka kiwari jaman beusi dijieun kuda, tacan aya anu mesék "kalapa" anu digugulung baé ku monyét. Jeung taya "monyét" anu panasaran kana eusi siloka ieu paribasa. Dina ayana ogé anu ngahartikeun, cenah "nu boga élmu teu bisa ngamangpaatkeunana". Narima jawaban kitu téh deuih, nu nanya geus ngarasa sugema. Da nu nanyakeunana (meureun) monyét.

Jeung naha atuh maké kalapa, lain jambé atawa samangka anu digugulung ku monyét téh? Ieu anu ngajadikeun kapanasaran téh. Jeung naha deuih monyét anu ngagugulungnanaha jelema anu teu daek mikir kitu anu dianggap monyét téh boa enya..

(Dicutat tina Buku Wiwaha Basa Kelas IX kaca : 48)

Kaasup kana naon ungkara "monyét ngagugulung kalapa" téh?

- A. Paribasa C. Caturangga
 B. Cacandran D. Uga
19. Paribasa "Monyet ngagugulung kalapa" teh ngandung harti nyaeta...
- A. Ngukur kana kamampuh atawa kaayaan diri sorangan
 B. Paluhur-luhur jeung batur, henteu hayang akur sauyunan
 C. Boga kahayang anu pamohalan kasorang
 D. Jalma nu boga élmu teu bisa ngamangpaatkeunana

20. Pek baca tur titenan wacana iyeu di handap!

MONYET NGAGUGULUNG KALAPA

Ku Dudum Sonjaya

....

Di jeroeun buah kalapa salilana aya cai. Cai the lambang kahirupan. Cai mah tara lila-lila cicing. Nguriling nyumponan kabutuh hirup. Tina hujan nyalangkrung di gunung-gunung. Nyalerap dina akar-akar tatangkalan, turun kana huluwotan, ngocor kana wahangan. Samemeh nepi ka laut, sumpang simpang ka sawah, ka kebon ngahirupkeun pepelakan.

....

(Dicutat tina Buku Wiwaha Basa Kelas IX kaca : 48)

Tina wacana di luhur, ngalambangkeun naon ari cai anu aya dina jero kalapa teh?

- | | |
|-----------------------|---------------------------|
| A. Kahirupan | C. Kasuburan alam |
| B. Hujan nyalangkrung | D. Ngahirupkeun pepelakan |

21. Pek baca tur titenan wacana iyeu di handap!

MONYET NGAGUGULUNG KALAPA

Ku Dudum Sonjaya

....

Di jero buah kalapa teh aya dagingna anu bodas nyacas, gambaran hate anu beresih suci. Tacan katempelan kokotor dengki, sirik pidik, jeung curiga goreng sangka. Eta daging kalapa the kabulen ku kulumud ipis nu warnana semu soklat. Eta lalangse kahiji anu nutupan bobodas hate, disebut lalangse "poho".

....

(Dicutat tina Buku Wiwaha Basa Kelas IX kaca : 49)

Tina wacana di luhur, ngalambangkeun naon ari kulumud anu ngabulen daging kalapa teh?

- | | |
|-------------------|--------------------|
| A. Lalangse poho | C. Lalangse hoream |
| B. Lalangse inget | D. Lalangse cicing |

22. Anu disebut opini the nyaeta...

- | | |
|----------------------|------------------------|
| A. Hasil survey | C. Hasil panalungtikan |
| B. Kamandang pribadi | D. Hasil panalingaan |

23. Anu matak disebut pakeman basa teh lantaran...

- A. Susunan kecapna disaluyukeun jeung maksudna
- B. Susunan kecapna geus tangtu
- C. Susunan kecapna bisa dirobah-robah
- D. Susunan kecapna teu bisa ditangtukeun

24. Pek titenan iyeu kalimah di handap!

- 1) *Satria kinayungan*
- 2) *Satria pinilih*
- 3) *Sumur bandung*
- 4) *Sekar panggung*

Anu kaasup Caturangga nyaeta nomor...

- | | |
|------------|------------|
| A. 1, 2, 3 | C. 1, 3, 4 |
| B. 1, 2, 4 | D. 2, 3, 4 |

25. Perhatoskeun gambar di handap iyeu!

Sinta mah matak pikaresepeun, keur geulis téh (.....) deuih.
Babasan anu merenah keur ngalengkapkeun kalimah di luhur nyaeta...

- A. Amis Budi
- B. Gede Hulu
- C. Panjang lengeun
- D. Leleus awak



26. Anu kaasup kena paribasa pangjurung laku hade nyaeta...

- A. Bisa ka bala bisa ka bale
- B. Nyengeut damar di suhunan
- C. Ngaliarkeun taleus ateul
- D. Lauk buruk milu mijah

27. Babasan kokolot begog dilarapkeun ka

- A. Kolot anu taya kanyaho kawas budak
- B. Budak ngomongna nyanyahoanan kawas kolot
- C. Kolot anu kalakuanana kawas budak
- D. Budak anu katembongna seperti kolot

28. Paribasa Panyaram Lampah Salah nyaéta gambaran laku goréng atawa lampah salah sangkan ulah diturutan.

Anu kaasup kena paribasa panyaram lampah salah nyaeta...

- A. Bisa ka bala bisa ka bale
- B. Cul dogdog tinggal igel
- C. Batok bulu eusi madu
- D. Hulu gundul dihihidan

29. “*Lamun manggih pangajaran anu hese teh kudu leuwih getol diajarna, cikaracak ninggang batu laun laun jadi legok, ku leukeun mah ke oge bakal bisa.*”

Harti paribasa pangjurung laku hade anu dikandung kalimat di luhur nyaeta...

- A. Ulah reseup nyaritakeun kagorengan atawa rusiah jalma lain
- B. Sagoreng-gorengna dulur sorangan, moal tega nganteupkeun mun meunang pailit
- C. Sipat atawa tabiat budak tara beda jauh jeung kolotna
- D. Upama dilakukeunna bari junun, sagala rupa nu hese oge bakal bisa

30. Perhatoskeun kalimah di handap iyeu!

- (1) *Wawarang luang*
- (2) *Sambutan*
- (3) *Pangjurung laku hade*
- (4) *Paturay tineung*
- (5) *Panyaram lampah salah*

Dumasar kana kalimah di luhur, anu kaasup kana papasingan paribasa nyaeta nomer...

- A. 1, 2, 3
- B. 1, 2, 5
- C. 1, 3, 5
- D. 3, 4, 5